Responsabilite paran yo Pandan Ijans nan Lekòl epi Reyinifikasyon Apre Ijans nan Lekòl

WÒL PARAN YO NAN KA IJANS

Nan ka yon ijans nan lekòl la, premye reflèks natirèl ou genyen kòm paran, se pran telefòn epi kòmanse rele lekòl la oswa kouri ale lekòl la al pran pitit ou. Reyalite a sèke se konplike sa konplike sityasyon an plis sou plan sekirite.

Lè paran twò pre yon ensidan, yo souvan anpeche lapolis ak ponpye fè tantativ y ap fè sou teren an pou pote sekou. Pi bon sa paran ka fè lè gen ijans, se rete tou pre telefòn yo ak imel yo epi suiv nouvèl radyo ak televizyon lokal yo pou jwenn tout enfòmasyon ak enstriksyon.

Kilè epi Poukisa Yo Mande Elèv ak Manm Pèsonèl pou Rete Fèmen, Abrite yo oswa Evakye?

PWOTOKÒL REPONS POU IJANS NAN LEKÒL

Yon kriz nan lekòl ka pran plizyè fòm, tankou yon evènman anviwònmantal, tankou devèsman pwodui chimik oswa fuit gaz; ijans move tan; tankou anons tònad; oswa yon moun kip a otorize ki antre nan lekòl la oswa nan anviwon yo. Se kalite kriz la k ap di si responsab lekòl la ap aplike aksyon pou konfinman, abrite oswa evakye oswa nenpòt konbinezon nan pwotokòl sa yo, yon fason pou asire sekirite ak byennèt elèv yo ak manm pèsonèl yo.

Gid Enfòmasyon sou Ijans nan Lekòl

POU PARAN AK GASDYEN

Èske Mwen ka Retwouve M ak Pitit Mwen an?

Nan ka ijans nan lekòl pitit ou a, li enpòtan pou ou konnen ekspresyon sa yo.

KONFINMAN

Gen konfinman lè yo idantifye yon menas entèn oswa ekstèn nan lekòl la. Tout pòt lekòl la lòk epi elèv yo fèmen nan klas. Yo p ap pèmèt pèsòn ni antre ni sòti nan lekòl la jiskaske yo anonse alèt la leve. Yo **P AP** kite elèv ale nan moman konfinman an.

ABRITE

Elèv yo pran refij nan espas yo endike yo pou pwoteje tèt yo kont pwodui danjre oswa kont move tan. Yo p ap pèmèt pèsòn ni antre ni sòti nan lekòl la jiskaske yo anonse alèt la leve. Yo P AP kite elèv ale nan moman abrite an.

EVAKYASYON

Nan ka sèten ijans nan bilding lekòl la, y ap voye elèv yo nan espas evakyasyon pou regwoupman. Se paran/gadyen ki gen foto idantite ak pèmisyon yon responsab distri a **SÈLMAN** y ap livre elèv yo. Pwosedi sa a nesesè pou kapab lokalize tout elèv yo.

Èske Mwen ka Retwouve M ak Pitit Mwen an?

Responsab lekòl la oswa responsab sekirite piblik ap oryante Paran/Gadyen yo kote y ap jwenn pitit yo egzakteman grasa kominikasyon televizyon/radyo. Se paran/gadyen ki te idantifye kòm moun pou yo kontakte an ka ijans nan dosye elèv la epi ki prezante ak yon pyès idantite ki gen foto l tankou lisans li, kat militè l oswa paspò l y ap livre elèv SÈLMAN. Pwosesis pou pèmèt paran yo retwouve pitit yo a ka pran tan. Se poutèt sa paran yo bezwen pasyan.

Fason Ou Kapab Ede

PREPARE W POU YON IJANS NAN LEKÒL

Asire w enfòmasyon kontak an ka ijans pitit ou a egzat epi aktyèl.

Distri a itilize
pou enfòme paran konsènan move tan
ak ijans.

Familyarize w ak pwosedi kominikasyon lekòl ou a itilize pou ijans. Chak lekòl pran angajman pou bay enfòmasyon ki egzat epi a tan nan ka ijans.

Sizanka ta Gen Ijans nan Lekòl la

Menmsi premye reyaksyon w se ta rele oswa kouri ale nan lekòl pitit a, tanpri suiv konsèy ki pi ba yo.

Branche w sou estasyon televizyon/radyo pou alèt nouvèl ofisyèl lekòl la.

Se sèlman kominikasyon ofisyèl responsab lekòl la ak responsab sekirite piblik yo bay pou w fè konfyans.

Koute enfòmasyon ofisyèl konsènan jan pou w retwouve pitit ou a.

PA rele oswa kouri ale nan lekòl pitit ou a. Prezans ou ka jennen sekouris yo.

PA rele pitit ou a oswa lekòl la. Yo dekonseye manm pèsonèl la ak elèv yo itilize kominikasyon telefòn selilè pou rezon sekirite.